



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 6/13/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON BILL FINCH KÒM DIREKTÈ EGZEKITIF NAN NEW YORK STATE THRUWAY AUTHORITY AK CANAL CORPORATION

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te aonse nominasyon Bill Finch kòm Direktè Egzekitif New York State Thruway Authority ak Canal Corporation. Nan yon reyinyon jodia, Konsèy Administrasyon Thruway Authority ak Canal Corporation te nome Mesye. Finch kòm Direktè Egzekitif pa Entèrim. Nominasyon sa yo egzije apwobasyon sena.

“Bill Finch se yon sèvant piblik angaje e angajman nan konbinezon eksperyans gouvènman lokal la pral yon atou nan Thruway Authority,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Thruway se yon pati enpòtan nan sistèm transpòtasyon New York e map rete tann pou m travay avèk Bill pou asire sekirite ak vyabilite ekonomik otowout nou yo toupatou nan eta sa.”

Anvan nominasyon l, Mesye. Finch te sèvi kòm majistra pi gwo vil nan Connecticut, Bridgeport, apati 2007 jiska 2015. Kòm majistra, li te sipèvize yon bidjè plis pase \$500 milyon ak plis pase 2,000 anplwaye e li te ede fasilite premye ogmantasyon popilasyon nan vil la depi plizyè deseni. Pandan manda majistrati l, Mesye. Finch te inisyè yon pwogram \$750 milyon pou rebati lekòl lokal yo pandan uit ane, ak yon plan dirabilite anviwonmantal ki rele “bGreen 2020.”

Apati 2000 jiska 2007, Mesye. Finch te sèvi kòm yon Senatè Eta Connecticut kote li te kenbe pozisyon Majorite Whip, Prezidan Komite Anviwonman, ak Vis Prezidan nan Komite Transpòtasyon. Antanke yon Senatè Eta, Mesye. Finch te travay pou kreye travay, atire biznis nan eta, ak ankouraje enèji vè toupatou nan eta.

“Mwen absoliman imilye paske Gouvènè Cuomo e rekòmande m pou nominasyon sa pa pou dirije New York State Thruway Authority ak Canal Corporation kòm direktè egzekitif li,” **te deklare ansyen Majistra Bridgeport, Bill Finch.** “Keseswa pou komès, vwayaj lwazi, devlopman ekonomik oswa navèt, Thruway a se yon lyen enpòtan ant tout kominote yo li touche nan eta. Mwen kontan pou m rele Albany nouvo kay mwen ak pou m kouri sou teren an avèk yon ekip angaje nan Authority ak Corporation a.”

Mesye. Finch pral yon konpozan enpòtan nan dirije Thruway Authority nan travay kontinyèl sou pwojè nouvo Pon NY nan Lower Hudson Valley. Li pral jwe yon wòl enpòtan nan transfè reyisi Canal Corporation nan New York Power Authority nan fen

ane a. Maria Lehman, P.E., pral kenbe wòl li kòm Ofisye anchèf Operasyon ki pral sipèvize antretyen ak Jeni Operasyon nan Thruway Authority ak Canal Corporation.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418